

Zanmi Mwen, Mapou

Depi solèy la kouche,

Ameli ale nan bwa ki dèyè lakay li.

Nan bwa sa a, flè yo, pyebwa yo,

larivyè a se zanmi Ameli.

Ameli plonje men li nan dlo zanmi l larivyè a

pou di li bonswa, li karese kèk zanmi flè,

epi li di yo bonswa.

Men nan tout zanmi sa yo,

Ameli te pito youn pi plis.

Pou zanmi sa a te parèt, fòk Ameli te rele li.

Kijan pou Ameli rele li?

«Ti Mapou, kote ou sere?»

Ti Mapou, kote ou sere?»

Ameli la, li la, Ti Mapou.

Ameli la, kote ou, Mapou?»

Kote ou! Kote ou!

Ti Mapou, kote ou sere?»»